

Flanbo Verite A



PECHÈ PWASON AN KONVÈTI

(Gade istwa a nan paj 13)

Novanm - Desanm 2020 | Volim 11 Nimewo 6

Jounal sa a pa pou vann

TAB MATYÈ

Editorial 3

Lite Pou Lafwa

#1 Lè Yo Sispann Konsidere Bib la
Kòm yon Règ Ki pa nan Erè 4

Istwa Kouvèti a 13

Istwa Biblik

Jezi ak Fanm Samari a 18

Sa Depase Nou Anpil..... 20

Seksyon Paran

Apèl pou Monte
Leson 10c 21

Istwa Mati Yo

Simon Zelotes epi Jida Tade 22

Seksyon Jenn

Chemen Li te Chwazi a
Chapit 2d..... 27

Seksyon Timoun

Twou Kokiyòl 31

Aktivite Timoun..... 34

Sòti nan Pousyè..... Kouvèti Dèyè

Komite

Direktè

Dale E. Heisey

Duane Nisly

Mark Yoder

Paul Schrock

Antonio Valverde

Jesús Villegas

Antonio Campos

Sanford Yoder

Edite

Duane Nisly

Pete Garber

La Antorcha de la Verdad

Apartado Postal #15

Pital de San Carlos

Costa Rica, C. A.

Flanbo Verite A, se
Publicadora La Merced, ki
sitiye nan Santa Rita de
Rio Cuarto, Costa Rica, ki
pibliye li chak de (2) mwa.

PUBLICADORA LA

MERCED se yon konpayi
k'ap pibliye liv nan yon bi
pou yo pwopaje Levanjil
la. Yo pa fè sa pou lajan.
Okontrè, yo fè sa pou yo
pwopaje bon jan doktrin
biblik dapre kwayans
Anabatis yo, epi yo fè sa
pou sila yo k'ap resevwa
literati sa yo kapab jwenn
bon konsèy pratik pou
aplike nan lavi yo.

Desen Kouveti a :
Randall Nisly

Editorial

Chè lektè :

Jodi a nou fasil tande moun ap pale sou politik. Nan jou ki pase yo, pèsònèlman, mwen te dekouvri kijan li fasil pou kite bagay sa yo okipe lespri ou ansanm ak kè ou nèt ale. Nou tout gen tandans chwazi yon bò, epi nou tonbe bay opinyon nou sou tèl pwèn. Anpil moun fè l'. Èske tandans sa a dwe fè nou sezi ? Pa vrèman.

Men, èske li bon lè yon kretyen patisipe nan diskisyon sou bagay politik ? Nan jou sa yo m'ap panse ak sa souvan, sitou pandan mwen reflechi sou sa Jezi te di konsènan Wayòm Bondye a ansanm ak reskonsabilite nou genyen kòm kretyen nan Wayòm sa a. Pandan Jezi te sou tè sa a, disip Li yo t'ap tann Li etabli yon mouvman politik ki ta libere Jwif yo anba gwo ponyèt Women yo. Konsa, yo te vrèman dekouraje lè Jezi pa t' defann tèr Li kont sòlda yo, ni kont vye desizyon leta a. Li te kite Women yo krisifye Li pito. Disip yo pa t' konprann Wayòm esprityèl la Jezi te vin etabli sou tè a. Jezi te di Pilat konsa : « **Jezi reponn : Nan peyi kote M' wa a, se pa tankou peyi ki sou latè. Si gouvènman peyi kote M' wa a te tankou gouvènman peyi ki sou latè, sèvitè M' yo ta goumen pou Mwen. Yo pa ta kite M' tonbe nan men jwif yo. Non. Nan peyi kote M' wa a, se pa tankou peyi ki sou latè.** » (Jan 18.36).

Apòt Pòl egzijè nou pou n' respektè chèf yo ansanm avèk otorite yo genyen an. Li te di sa pandan li t'ap sibi anba men rejim Newo a, yon chèf Women ki te pèsekite Kretyen anpil. Pòl pa t' pouse moun antre nan gwoup opozisyon pou konbat mekanste, ni li pa t' pouse moun atake gouvènman an avèk yon seri dokiman alekri, ni li pa t' pouse moun antre nan lòt gwoup politik pou eseye chanje regleman yo. Egzanp Pòl trase a anseye nou kisa Bondye espere lakay nou, epi egzanp li trase a repwoche nou lè nou santi nou ta swiv foul la k'ap antre nan politik.

Dapre Bib la, kisa Bondye ap atann lakay moun k'ap swiv Li yo ?

- Renmen pou lènmi nou yo, pa goumen avè yo (Matye 5.44)
- Beni sila ki pèsekite nou yo (Women 12.14)
- Asepte wòl nou kòm sitwayen yon lòt Wayòm, epi kòm etranje isi ba (Ebre 11.13)
- Konprann byen se Bondye ki mete nenpòt moun chèf nan gouvènman yo sou latè (Women 13.1)
- Obeyi lwa gouvènman yo, epi soumèt devan yo (Tit 3.1 ; Women 13.5)
- Onore chèf yo (1 Pyè 2.17)
- Priye pou chèf yo (1 Timote 2.1-2)
- Peye taks (Women 13.7)

Pandan mwen t'ap reflechi sou sa Bondye anseye nou konsènan Wayòm Li a epi reskonsabilite nou genyen kòm sitwayen Wayòm Li a, mwen te vin wè premye reskonsabilite mwen genyen an se anè Wayòm Bondye a. Mwen pa dwe kite bagay tè sa a twouble m'. Jezi te di konsa : « **Pito nou chache bay bagay peyi Wa ki nan syèl la premye plas nan lavi nou, chache viv jan Bondye vle l' la anvan...** » (Matye 6.33). Lè nou fè sa, Bondye va « **ban nou tout lòt bagay sa yo tou.** »

Dwann Nisli

LITE POU LAFWA



YON ETID SOU LIV JID LA

Entwodiksyon

Pran Defans Lafwa Bondye Te Ban Nou An

Nouvo Kontra a gen yon ti liv ki sitiye ant lèt Apòt Jan te ekri yo pou legliz Kris la epi Revelasyon an Jan te resevwa nan men Bondye. Se yon liv ki rele Jid. Yon sèl chapit li genyen. Jid se te frè Jezi, menm manman avèk Li. Jid te ekri lèt sa a pou kwayan yo toupatou. Se vre li piti, men li pisan. Lèt la sèvi yon avètisman kont fo pwofesè epi manti nan legliz. Li ankouraje kwayan yo pou yo pran defans lafwa Bondye te ba yo a (v. 3).

Pandan premye syèk la apre Jezi te sou latè, legliz la te menase. Bon jan lafwa te anba atak. Si se konsa li te ye alepòk, li pi rèd toujou jounen jodi a. Sanble lemondan antre andedan legliz yo. Manti ap kouri agòch adwat nan mitan legliz.

Pou kòmanse lèt la, Jid esprime yon dezi li genyen pou ankouraje epi pou egzòte kwayan yo pou yo rete fidèl epi pou yo defann lafwa. Si yon moun pral genyen lafwa tout bon, fòk li genyen doktrin tout bon. Jid peze sou sa. Nou pa ka fè konpwomi avèk verite a ki nan Bib la epi apre sa pou n' mete nan tèt nou Bondye va beni nou,

paske se Bondye menm ki te enspire Pawòl la. Se sa a Li te kite nan men nou pou ede nou konnen Li epi pou bay direksyon nan lavi nou. Nou pa dwe janm tòde Pawòl Bondye ni chanje Li. Depi nou fè sa, se tèt nou n'ap detwi.

Jid avèti sila yo k'ap anseye bagay ki pa annakò avèk verite a ki nan Pawòl Bondye. Sa ki pi etonan, moun sa yo se pa payen yo ye. Se moun ki andedan legliz k'ap anseye manti, epi legliz la pa rekonèt sa.

Aprè sa, Jid kontinye. Li deklare yon moun ka pèdi sa li te genyen nan men li. Li di : « **...lè Bondye te fin delivre pèp Izrayèl la anba moun Lejip yo, Li te detwi tout moun ki pa t' kwè yo** » (v. 5). Yon bò, Jid montre nou bagay sal ki nan lavi anpil moun, epi bagay sal sa yo pa gen plas yo andedan legliz. Yon lòt bò, li avèti nou konsènan lènmi an ki mechan. Piga nou jwe ak li paske li gen fòs epi li kapab. Se sèlman avèk pisans Bondye n'ap ka pote laviktwa.

Batay la ki egziste ant pèp Bondye epi fòs mechanste yo se yon batay ki cho, epi li pa janm pran pòz. Vèsè 3 pale sou kijan pran defans lafwa se yon lit li ye (Bib Fransè). Si yon moun antre nan batay sa a san li pa prepare osinon avèk yon mank kouraj, li p'ap pote laviktwa. Nou bezwen antre nan batay sa a avèk lafwa. Li mande yon efò ki byen serye. Se yon konba li ye. Fòk nou abiye nou avèk tout zam Bondye ban nou yo, epi fòk nou goumen avèk pisans pa Li a nan lavi nou.

Komite a ki alatèt piblikasyon sa a (Flanbo Verite A), avèk èd Bondye, anvi fè yon etid sou ti liv sa a, liv Jid la. Nou vle eklèsi kèk nan batay yo ki anfas vre Kreyen an. Nan ki domèn legliz jounen jodi a yo anfas lènmi an ? Ki kote nou oblije pran defans lafwa Bondye te ban nou an ? Kijan lènmi an ap plede antre andedan legliz pou li detwi lafwa kwayan yo ti kras ti kras ?

Men sa Jid di nou nan vèsè 20 ak 21 : « **Men, nou menm, mezanmi, annou kontinye grandi toujou nan konfyans nou k'ap fè nou viv pou Bondye nèt ale. Avèk pouvwa Sentespri a, annou lapriye san rete.** ²¹**Rete fèm nan renmen nou gen pou Bondye a, pandan n'ap tann Senyè nou, Jezikri, k'ap vin ban nou lavi ki p'ap fini an paske Li gen pitye pou nou.** » Defi ki devan nou an se pou n' asire baz la an sekirite. Se pou n' konstwi sou sa ki vre, sa ki solid... sou Pawòl Bondye. Se Bondye sèl ki ka fè nou pa tonbe nan wout. Se Li menm sèl ki kapab fè nou parèt san repwòch ak kè kontan devan L' nan tout bèl pouvwa Li (v. 24).

« **Li menm, sèl Bondye ki delivre nou gremesi Jezikri, Senyè nou an, wi, se pou li tout lwanj, tout grandè, tout pouvwa ak tout otorite, depi nan tan lontan, koulye a ak pou tout tan. Amèn** » (v. 25).

Atik swivan an voye limyè sou kijan legliz yo jodi a konn tòde Pawòl Bondye a.

Otè a esplike pou nou, dapre pwòp esperyans pa li a, kijan yon gwoup moun ki te sansè epi ki te kwè nan Bib la te kòmanse fè konpwomi ak Pawòl la. Yo te tonbe swiv pwòp lide pa yo avèk preferans pa yo. Konbyen asanble, osinon denominasyon, ki twouve yo nan menm sityasyon sa a jodi a ? Konbyen ki nan fènwa paske yo pa t' itilize Bib la pou analize kijan y'ap viv ? Nou ankouraje ou medite sou sa Bondye vle di ou nan atik sa a, epi nan sa yo ki pral vini apre. Pran yo byen serye. Men sijè nou pral trete yo : Wout Kayen (v. 11), Move Chemen Balaram (v. 11), Rebelyon Kore (v. 11), Resif nan Resèpsyon (v. 12, BIB KREYÒL LA), epi Manti a Ki Pral Sibi Jijman (rezime tout lèt la).

Se pou Bondye beni ou. Se pou Li ede ou medite sou sa Li vle anseye ou.

—Dwann Nisli

Lè Yo Sispann Konsidere Bib La Kòm Yon Règ Ki Pa Ka Nan Erè # 1

Entwodiksyon editè a :

Nou menm ki fè pati komite a k'ap jere piblikasyon sa a, nou konfòme nou avèk doktrin Anabatis la, yon doktrin ki solid epi ki genyen rasin li nan gran Refòm lan ki te fèt nan lanne 1 500 yo. Malerezman, jodi a swadizan Anabatis yo anbrase yon kalite doktrin ki rive nan yon nivo nou pa kapab sipòte. Pami Anabatis yo genyen omwen de (2) branch, youn ki pi liberal (asepte yon seri lide nouvo) epi youn ki pi konsèvatè (reziste kont lide nouvo). Frè Simon Schrock, yon otè anpil moun pami konsèvatè yo rekonèt, montre nou nan atik ki anba a kijan lòt gen tandans chanje Bib la pou fè Bib la konfòme avèk kilti a aktyèlman. Sa ki rive nan mitan kèk gwoup Anabatis se menm bagay ki rive nan anpil lòt denominasyon ki pa Anabatis. Lèmi an gentan fofile kò l' nan anpil legliz avèk yon lespri desepsyon, epi li deja detounen plizyè milye moun. Kouste apèl la ki fèt nan atik sa a. Se yon frè k'ap rele nou retounen ankò sou fondasyon nou jwenn nan Bib la, pou n' rebati lafiwa nou, epi pou n' chwazi ki konpòtman n'ap nou dwe genyen.

Anviwon trant (30) ane pase, mwen te asiste yon reyinyon kote kèk frè t'ap di kijan yo te gen enkyetid konsènan direksyon legliz la t'ap pran alepòk. Youn nan frè yo te fè yon deklarasyon mwen pa janm bliye, jouk jodi a. Li te di konsa : « Youn

lè kèk nan legliz Anabatis nou yo te chanje metòd yo itilize pou entèprete Bib la. Sa k' fè yo te chanje metòd la se paske yo te vle retire kòmandman an pou medam yo kouvri tèt yo. Se yon pòt yo te louvri byen laj ki pèmèt moun doute sou nenpòt lòt ansèyman bibliik. » (Metòd moun itilize pou entèprete Bib la rele *èmenetik*.) Jodi a, m'ap mande : Èske sa frè a te di se vre ?

Lè m' te yon adolesan, pastè Anabatis yo te esplike m' plan sali a selon sa Pawòl Bondye a anseye. Anplis, mwen konn tande anpil mesaj ki sòti nan menm frè sa yo mwen te site anlè a, epi yo te toujou kanpe sou Bib la kòm yon gid enfayib pou tout aspè nan lavi sa a. Mwen menm pou kont pa m' kòm pwofesè Bib, mwen deja itilize anpil dokiman ki sòti nan menm denominasyon sa a. Dokiman ki afime Bib la kòm otorite, kòm gid san parèy pou tout aspè ki nan lavi nou yo. San dout, moun yo ki te pibliye materyèl sa yo te kwè Bib la se otorite tout bon an ki dwe gide lavi nou yo. San dout yo te kwè Bib la se Pawòl Lavi, se Pawòl Jezi Kris, moun Bondye te pwomèt la.

Mwen te toujou kwè denominasyon sa a te konprann otorite Pawòl Bondye a yon jan ki kòrèk. Pou ale pi lwen, mwen kapab di se li menm menm ki te poto santral la ki t'ap fòtifye legliz la alepòk. Nan jan yo te konfese lafwa yo, yo te tou deklare byen klè kijan yo te kwè Bib la te konplè e li pa manke anyen. Yo te deklare Bib la se Pawòl Bondye li ye, se enspirasyon vèbal. Yo te deklare li otantik nan sa li anseye, li se otorite nan sa li anseye, epi li san okenn erè nan fòm orijinal la. Yo te deklare se Bib la ki sèl règ lafwa ak konpòtman ki pa ka nan erè.

Yon bwochi denominasyon an te pibliye lontan te genyen sa pou tit : *Sa Bib La Anseye Konsènan Kouvri Tèt Medam Yo*. Nan tout achiv yo ki kenbe ansèyman bibliik ki te konn fèt nan legliz sa, se klè yo te konn anseye afè kouvri tèt la kòm yon bèl prensip ki detaye nan 1 Korènt 11.1–16 se pou legliz jounen jodi yo li ye. Se te ansèyman sa yo ki te fòme nan mwen menm yon seri konviksyon mwen anbrase jouk jounen jodi a. Mwen toujou kwè yon sè nan legliz Kris la ki kouvri tèt li sèvi yon temwanyaj fidèl pou Kris nan mitan yon monn k'ap mouri espirityèlman.

Vwala m' te twouve m' nan mitan yon gwoup frè cho pou levanjil la. Yo te santi kè yo boulvèse poutèt direksyon denominasyon an t'ap pran lè yo te chanje *èmenetik* pou yo kapab « esplike » ansèyman yo te konn kore pandan anpil ane pa t' valid ankò. Lè denominasyon sa a te deja pibliye yon pakèt ansèyman ki pale kare sou otorite Bib la ak jan li fyab, kòman yo te ka vire kite ansèyman sa yo ki parèt akèl ni nan Ansyen Kontra a ni nan Nouvo Kontra a konsènan omoseksyalite ? Kijan yon legliz kapab annik prezante yon nouvo « entèpretasyon » sou kilès ki p'ap eritye Wayòm Bondye a ? (1 Korènt 6.9–11). Kijan yo ka rive tòde pasaj la jouk yo rive di omoseksyalite se bagay Bondye asepte ?

Kòman yo ka di omoseksyalite beni nan je Bondye ?

Èske se posib frè nan reyinyon sa a te gen rezon lè li te di, lè *èmenetik* la chanje jiskaské nou ka « espliké » poukisa sè yo pa oblije kouvri tèt yo ankò sa sèvi kòm yon pòt ouvè ki pèmèt moun kesyone nenpòt lòt doktrin nan Bib la tou ?

Frè a ki te fè deklarasyon sa a trant (30) ane pase, toujou di se bagay sa menm k'ap fèt aktyèlman la nan mitan denominasyon sa a. Epi si ou ta chita gade materyèl yo k'ap sòti nan denominasyon sa a jounen jodi a, ou ta wè kijan frè a gen rezon. Sa yo te fè pou yo rive elimine yon premye ti ansèyman bibliik te mennen yo lwen, jouk yo vin doute lòt doktrin ankò ki pa fè yo plezi. Pi ba, mwen va pataje avèk nou kèk egzanp ki montre kijan yo kite verite a dèyè. Egzanp sa yo va montre sa frè a te deklare trant (30) ane pase te reyalize tout bon vre.

Nan yon atik yo te pibliye ki genyen pou tit : « *Liv Regleman ? Oubyen Istwa ?* » Otè a di konsa : « Lè m' te jenn, mwen te fè pati yon asanble kote medam yo te kouvri tèt yo. Se te obligatwa. Legliz la pa t' pèmèt medam yo mete pantalon. Yo pa t' dakò bag, menm bag maryaj. Divòs menm se te yon peche ki pa t' ka jwenn padon. Rele yon fanm kòm pastè legliz la pa t' janm vin nan tèt yo alepòk. Legliz la te defann tout prensip sa yo avèk pasaj presi nan Bib la. Men, nan denye senkant (50) ane yo, oubyen nan swasannkenz (75) ane konsa, gwo chanjman deja fèt sou pwèn sa yo. Epi, tout chanjman sa yo te posib san nou pa t' abandone Bib la kòm « *Liv La* » pou legliz la. Nou dwe asepte reyalyte a : ka genyen lòt kwayans ankò ki te fè pati legliz la alepòk ki ka merite etidye ankò, epi ki ka merite chanje depi kilti a avèk nouvo eklezisman an mande sa. Yon chanjman ki ta dwe fèt kounyeya se annegad pozisyon legliz la ap toujou kenbe kote yo pa asepte yon moun kòm manm depi l'ap viv nan relasyon seksyèl avèk yon moun ki menm sèks avè l'.

« Se vre pawòl yo ki nan Bib la enpòtan, men se pa yo ki otorite prensipal la. Pi gwo otorite pou kretyen an se istwa ki pale sou Jezi a. Se sou Jezi pawòl yo nan Bib la ap temwaye. »

Nan yon lòt piblikasyon ankò, menm denominasyon an te prezante yon atik ki te fè pati yon seksyon kote lektè yo ofri repons pa yo. Atik la te rele : « *Ann Tounen Yon Legliz Ki Konn Akeyi Moun.* » Atik la demontre kèk erè toujou nan jan moun reflechi nan epòk pa nou an.

« Depi lontan, mwen te bay tèt mwen pwomès m'ap ekri opinyon m' lè m' rive nan laj katreven (80) ane. Enben, jodi a m'ap ekri. Mwen ta renmen esprime kijan mwen santi se yon desepsyon dèske legliz mwen an pa kapab genyen bon rapò ni avèk timoun yo ki se pitit manm legliz yo, ni avèk zanmi nou yo ki omoseksyèl.

« Lè m' te elèv nan inivèsite ki konekte ak legliz la la, mwen sonje mwen te wè yon

kredo ki te ekri nan chapel lekòl la. Yo te make : PAWÒL OU SE VERITE. Mwen sonje yon lè yon pastè t'ap rann nou vizit, epi li te gen odas pou li kesyone kredò sa a. Li te vle fè nou santi genyen legliz ki fè Bib la tounen yon zidòl. Kisa li te vle di ?

« Kèk ane apre sa, mwen te rive nan konklizyon mwen. Sanble li t'ap pale sou kijan legliz la gen tandans swiv Bib la alalèt twòp. Yo pa konprann « lespri » lalwa a. Mwen kwè m' vin konprann sa pi byen jodi a pase jan m' te konprann li alepòk.

« Pandan anpil ane, mwen ap swiv legliz la epi kijan nou chanje kòd kondwit nou yo avèk tan k'ap pase. Mwen konn koute anpil pastè ki gen bon entansyon k'ap entèprete pasaj bibliki ki trete divès sijè, tèlke cheve long pou medam yo, kouvèti sou tèt sè yo, wòb ki long, epi sou divès. Avèk tan ki pase, legliz la adapte l' devan lavi modèn lan. Menm pastè sa yo gentan chanje sa yo egzije. M'ap mande si omoseksyalite pa yon sijè konsa tou, kote nou dwe konsidere l', kote nou dwe chanje jan nou entèprete kèsyon an menm jan anpil lòt moun ki kwè nan Bib la deja fè.

« Mwen genyen yon vizyon kote nou devni yon legliz ki pa sèlman akeyi moun ki fè pati kominote a ki rele tèt li LGBT, men nou envite yo, nou afime yo, nou beni yo, epi nou entegre yo nan asanble a. Imajine ki gran diferans sa t'ap fè nan lavi yon moun ki genyen yon patnè ki menm sèks avèk li, si nou te enkli yo kòm manm aktif nan kò Kris la. »

Men kèk lòt deklarasyon kwochi mwen wè yo pibliye deja :

« Bezwen lòm, tankou maryaj pou moun ki menm sèks, se bagay ki pi enpòtan pase jan moun te konn entèprete Bib la nan tan lontan. »

« Bib la, nan kontèks li kòm liv istorik, pa jwe menm wòl la ankò. Li pa yon seri règ ki kouvri tout epòk epi tout lokalite. Tach ki devan nou an, pou di vre, vin pi difisil. Nou bezwen chache konnen ki siyifikasyon Bib la genyen pou epòk pa nou an, pou sikonstans pa nou an. Avèk sa a, nou ka chache direksyon pou legliz la. »

« Genyen lide ki fè nou konprann yon rapò syantifik merite plis konfyans pase sa Bib la di konsènan relasyon omoseksyèl. »

M'ap reflechi sou tout ane yo mwen te nan kolaborasyon avèk ekip frè yo mwen te site anlè a. Mwen te genyen menm enkyetid avèk yo, epi lè m' gade ki lide k'ap domine legliz la jodi a, fòk mwen di sa frè a te deklare trant (30) ane pase se sa menm ki reyalize devan je nou. Sa pouse m' poze tèt mwen plizyè kèsyon : Ki kote mwen ye jodi a pèsònèlman annegad sijè sa yo ? Kisa nou sipoze kwè annegad sa Bib la anseye ? Ki pozisyon ki gen sekirite espirityèl epi ki baze sou doktrin ki solid ? Paske, se sa a m' vle transmèt bay pitit mwen yo ak pitit pitit mwen yo. Si sa Bib la di sou omoseksyalite pa vle di anyen ankò, e si nou pa kapab konfyè Bib la pou renye sou lafwa ak konpòtman nou an, ki lòt peche ankò nou pral konprann yon lòt fason pi

devan epi tou asepte ? Yo renmen pale sou yon « Jezi ki plen amou », e kisa sa vle di pou demen. Ki peche legliz yo pral asepte paske yo konprann Bib la se yon senp ti istwa ?

Mwen gentan li anpil bagay sou divès fason moun wè Bib la, sou diferan metòd moun itilize pou etidye li. An reyalyte, mwen pa rete anpil ane ankò sou tè sa a, men mwen toujou gen konviksyon sa yo te anseye m' konsènan otorite Bib la lè m' te jenn lan se laverite. Mwen gen konviksyon pastè yo ki te esplike Bib la pou mwen te gen rezon lè yo te enfòm m' sou : repantans pou peche, resevwa Jezi kòm Sovè, renmèt lavi ou devan Kris kòm Senyè. Mwen kwè se sèlman chemen sa a ki fè moun jwenn sali. Jan pastè yo te konprann Bib la alepòk epi jan yo te esplike verite yo alepòk se te kòrèk.

Mwen pa gen okenn dout nan tèt mwen Bib la se « revelasyon diven » ki montre nou volonte Papa a. Yon lòt pastè ki te ede m' anpil te toujou anseye Bib la kòm mesaj Bondye a pou nou tout.

Gwoup frè yo mwen te site anlè a te fòmile yon nouvo konfesyon, yon nouvo deklarasyon lafwa. Mwen vle pataje li avèk nou :

« Nou kwè Bondye kreyasyon ak redanmsyon an revele Tèt Li ban nou. Nou kwè Li revele volonte Li pou lòm—pou tout moun nan tout epòk—pa mwayèn Bib la ki sen. Dènye revelasyon an, epi revelasyon ki siprèm lan, se nan Pitit Gason Li a, Senyè Jezi Kris. Nou kwè Bondye te enspire Bib la konplètman, ni Ansyen Kontra a ni Nouvo Kontra a, e se Pawòl Bondye li ye ; nou kwè Bib la otantik nan tout sa li di, nou kwè li gen otorite pou li oryante moun, nou kwè li san erè nan fòm orijinal li a, epi nou kwè Bib la se sèl estanda ki genyen ki san defo annegad lafiwa ak konpòtman. Nou kwè moun yo ki te kouche pawòl la sou papye se te moun ki t'ap viv selon Bondye epi ki te anba enspirasyon Sentespri a lè yo t'ap anrejistre verite diven an san okenn erè pa t' kontamine travay la.

« Nou kwè toude kontra yo fè yon sèl inite, epi Nouvo a se akonplisman tout revelasyon.

« Nou kwè Senyè Jezi Kris kanpe kòm tèm santral toude kontra yo.

« Jezi se kle a ki pèmèt yon moun byen konprann tout Bib la. »

Mwen annakò avèk Mesi a, Jezi, Sila ki libere nou epi ki vre Lapè a, annegad mesaj ki sòti nan Bondye a. Nan lapriyè pisan Li te fè devan Bondye Papa L', Jezi te mete nou klè lè Li te di « **Pawòl Ou se verite a** » (Jan 17.17). Jezi te deklare verite sa a nan lapriyè Li t'ap fè devan Papa L'. Mwen anbrase verite sa a nan pwòp lavi pa m' tou.

Mwen mete m' nan menm liy ak salmis la ki te jwenn kontantman nan Pawòl Bondye a, epi ki te di konsa : « **...mwen pran tout plezi m' nan lalwa Ou** » (Sòm 119.77). Epi ankò : « **Mwen pran tout plezi m' nan fè sa Ou mande. Mwen p'ap bliye**

pawòl Ou yo » (Sòm 116.16). Li te kontan kòmandman Bondye yo : « *Fè m' viv yon jan ki dakò ak kòmandman Ou yo, paske se nan yo mwen jwenn tout plezi m' »* (Sòm 119.35).

« *Ala bon sa bon pou moun ki pa koute konsèy mechan yo, ki pa swiv egzanp moun k'ap fè sa ki mal, ki pa chita ansanm ak moun k'ap pase Bondye nan betiz, ² men ki pran tout plezi l' nan lalwa Senyè a, k'ap repase l' nan tèt li lajounen kou lannwit »* (Sòm 1.1–2).

Mwen pran plezi nan Pawòl Bondye ki fè nou wè yon nouvo vi nan Kris pou sila yo ki repanti. Men sa li di konsènan moun ki anbrase peche yo : « *yo youn p'ap resevwa anyen nan peyi kote Bondye wa a »* (1 Korent 6.9–10). Apre deklarasyon sa a, mwen kontan pou m' li sa tou : « *Anpil nan nou, se sa menm nou te ye. Men, koulye a Bondye mete nou nan kondisyon pou nou sèvi L'. Gremesi Jezikri, Senyè a, Li mete nou apa pou Li, Li fè nou gras pa pouvwa Lespri Bondye nou an »* (1 Korent 6.11). Se yon sijè rejwisans li ye lè nou tandè nou libere anba kalite esklavaj ki detaye nan vèsè nèf ak vèsè dis. Ala yon kontantman dèske nou libere anba lavi dezòd, sèvi zidòl, adiltè, lavi pèvèti kote moun sèvi fanm ak fanm, gason ak gason, anba vòlò, anba lanvi, anba tafya, anba pale mal epi pwofite sou moun... ak tout lòt vis ki te anchenen nou ! Kounyeya, pase pou n' eseye fòse Pawòl Bondye a konfòme ak vye dezi ogèye mwen yo, mwen pran plezi dèske Pawòl Bondye a dirije m' jouk mwen « *sanble ak Pitit li a »* (Women 8.29) epi jouk mwen « *fè wè bèl pouvwa Bondye a »* (1 Korent 11.7).

M'ap fè devosyon chak jou nan yon liv kote yo prezante kèk bagay Oswald Chambers te ekri. Men kèk ki frape m' chak fwa mwen pase sou yo :

« *Pou vin konnen Bondye epi pou vin konnen volonte Li, fòk ou fè ti pa obeyisans yo. »*

« *Tout revelasyon Bondye yo rete sele pou nou jouk nou dekachte yo avèk obeyisans. Filozofi p'ap dekachte yo. Reflechi fò p'ap dekachte yo. Depi ou obeyi, nan menm moman sa a yon kout limyè fèt. »*

« *Bondye p'ap devwale plis verite sou Li menm jouk ou deja nan obeyisans devan sa ou konnen deja. »*

« *Pwomès Bondye yo pa gen valè pou nou toutotan nou poko konnen nati Bondye a, epi se obeyisans ki pèmèt nou konnen nati Bondye. Pafwa nou li yon bagay nan Bib la nenpòt 365 fwa epi li pa fè sans pou nou. Apre sa, yon sèl kou, nou konprann sa Bondye ap di. Se paske nan yon ti kwen nan lavi nou nou te resi obeyi Bondye epi nou te vin konprann sa Li te vle di nou. »*

« *Konfizyon espirityèl nou santi nan lavi nou va kite nou depi nou obeyi. Se konsa li*

ye. *Nou obeyi, epi nou vin konprann.* »

« *Jezi te di konsa : « Mache pandan nou gen limyè a pou fènw pa bare nou »* (Jan 12.35).

« *Depi ou pa obeyi limyè ou deja genyen an, limyè a va tounen tenèb pou ou.* »

Apòt Pyè te peche ; li te nye Jezi. Men Jezi te restore li, epi apre sa Pyè te ekri yon bagay ki fè nou wè enpòtans obeyisans devan verite a : « *Koulye a, lè n'ap obeyi verite a, nou nan kondisyon pou nou fè sèvis Bondye, pou nou ka gen yon renmen sensè pou frè yo. Se sa k'fè, se pou nou youn renmen lòt ak tout kè nou, ak tout fòs nou.* ²³*Gremesi pawòl Bondye a ki yon pawòl vivan epi ki la pou tout tan, nou resevwa yon lòt lavi. Fwa sa a, nou pa sòti nan yon jèm ki ka mouri, men nan yon jèm ki pa ka mouri.* » (1 Pyè 1.22–23).

Mwen pale deja sou kijan mesye esprityèl yo ki t'ap pale nan rankont lan te kòrèk nan sa yo t'ap di. Nan legliz modèn yo ou fasil wè kote yo eseye adapte Pawòl Bondye a pou li tonbe daplon ak kilti a epi ak koutim yo nan sosyete a. Men kèsyon an ki toujou la devan nou menm : Èske nou wè Bib la kòm yon senp ti istwa ? Se konsa youn nan moun yo anlè a te wè li. Oubyen, èske nou wè Bib la kòm « sèl estanda ki genyen ki san defo annegad lafwa ak konpòtman » ?

Mwen toujou vle kontinye abitud mwen genyen kote chak maten mwen chache verite nan Pawòl Bondye a. Se premye bagay mwen fè chak jou, konsa verite yo ki nan Pawòl la ka sanktifye m', pirifye m', konsakre m', epi rann mwen sen. Paske, se verite yo ye. « *Pawòl ou se verite a* » (Jan 17.17).

Mwen pran plezi nan li Pawòl Bondye chak maten konsa pou li dirije m' nan obeyisans. Se konsa, « *lèt san dekoupe ki sòti nan Bondye* » (1 Pyè 2.2) va pèmèt mwen grandi. Mwen renmen pawòl sa a : « *Se konsa, tou sa ki te ekri nan Liv la depi nan tan lontan, yo te ekri yo pou moutre nou anpil bagay, wi, pou bagay nou jwenn ekri nan Liv la ka ban nou pasyans ak ankourajman pou n' ka mete tout espwa nou nan Bondye* » (Women 15.4). Mwen asire m' nan sa pwofèt Ezayi te di nou, epi Apòt Pyè te afime li pou nou kèk santenn ane apre : « *Moun, se tankou zèb yo ye. Tout bèl ou wè yo bèl la, se tankou flè zèb la yo ye. Zèb la chèch, flè a tonbe.* ²⁵*Men, pawòl Bondye a la pou tout tan* » (1 Pyè 1.24–25). Bib la ! Li se gid mwen nan ti bout vwayaj sa m'ap fè isi ba.

—Simon Schrock

Tèks sa a sòti nan yon dokiman ki rele The FCM Informer
Nou gen pèmasyon itilize tèks sa a.



PECHÈ PWASON AN KONVÈTI

Wojè Hal (*Roger Hale*) se te yon pechè pwason nan peyi Angletè. Li te kaptenn yon ekip pechè nan bouk kote li te rete a. Wojè se te yon gason kosto. Tout moun te rekonèt li pou yon nèg ki gen fòs ak kouraj anfas nenpòt kalite danje. Li te byen kanpe, kifè tout moun te oblije respektè li. Li pa t' pè ni Bondye ni lòm. Li pa t' pè lanmè nonplis, menm pi gwo move tan yo pa t' ka fè mesye fremi.

Wojè te genyen transteyen (31) ane sou tè li, epi tout moun te toujou kontan wè li. Malgre tout moun te gentan konprann mesye te yon bout di sou kèsyon Bondye, epi yo tout te konnen bouch li te konn sal pafwa, yo tout te apresye li anpil kanmenm. Yo te rele li Kaptenn. Kote li pase se te : « Bonjou Kaptenn, » osinon « Kijan ou ye, Kaptenn ? »

Nan mitan gwo tanpèt, depi yon bato kole nan mitan wòch yo ki sou rivaj la, premye moun ki parèt pou bay kout men se te Wojè. Li te konn pran detwa nèg avè l' nan yon kannòt sovta j pou yo al sove moun yo nan dlo a. Pandan yo nan wout, Wojè toujou dèyè ap kondwi. Pandan tout wout la li fè gwo bri sou nèg yo k'ap paye. Li lave yo ak jouman. Se sa li bliye li pa di. Se konsa li te ye.

Sou kèsyon vis, Wojè pa t' genyen bagay konsa. Men, li te toujou apa kòm yon nèg ki pa t' kwè nan Bondye epi ki te konn pale lèd. Pa kont, lakay li nan prezans madanm li ak timoun yo, li te toujou kontwole bouch li byen. Li te montre bon jan respè. Li te yon bon mari pou madanm li ki rele Ana. Avèk tout kè l' li te renmen pitit fi li a, Wanita.

Madan Wojè se te yon fanm ti tay. Li te frajil, epi li te toujou dou ak moun. Jan l' t'ap viv te fè yon gwo enpak sou Wojè, paske Ana te yon kwayan fidèl nan Senyè a, e li te renmen Bondye avèk tout kè l'. Wanita, tifi li a, te genyen sizan (6). Li te entèlijans, men karaktè li te di menm jan ak papa l'. Li te renmen lanmè menm jan ak papa l'. Depi tan an bon, li te konn monte kannòt ansanm avèk papa l' pou al fè lapèch.

Wanita te renmen Bondye tankou anpil timoun renmen Bondye. Li te inosan, epi li te toujou prezan nan lekòl Dimanch. Apre sèvis la, li ta chita ansanm ak papa l' sou yon ban devan kay la, epi li ta montre l' ti desen an yo te bay li ki mache ak leson an. Li ta rakonte istwa a pou papa l', epi li ta espliche tou sa li te aprann. Li te toujou fè

PECHÈ PWASON AN KONVÈTI

bèl efò pou li sonje tou sa monitris la te pataje avèk yo nan klas la.

Wojè te koute byen tout sa tifi a te konn rakonte bay li. Li te montre pasyans, epi li te fè efò pou li sanble yon moun ki enterese nan sa tifi a t'ap di. Men nan kè li, li pa t' kwè nan Bib la. Li te kòm yon bout fè, epi li pa t' vle konnen anyen sou Bòn Nouvèl la. Li te toujou eseye cache sa pou Wanita. Epi, li pa t' janm fè anyen pou anpeche madanm li viv selon lafwa li, paske nan fon kè l', li te kontan madanm li te yon kwayan. Li te konn esprime sa devan li. Li te byen konnen madanm li t'ap priye pou li sove tou, men li te toujou reziste devan apèl Bondye a.

Chak Samdi pandan sezon chalè a, pechè yo te toujou konn reyini nan ti gwoup bò lanmè. Yo chita ap fimen pip pandan yo diskite sou politik, osinon sou lapèch, osinon sou relijyon. Medam yo menm, yo te toujou rete pre kay la ap veye pitit. Kèk nan medam yo te konn pase tan ap koud rad pou mari yo, bagay yo pral bezwen lè freda a retounen. Genyen lòt ki te konn bay kout men nan ranje filè yo.

Wojè te toujou renmen diskisyon sa yo bò lanmè chak Samdi. Se la a li te konn fè lide li pase sou nenpòt sijè ki vini devan li. Pami tout nèg yo nan katye a, pa t' genyen youn ki te ka pale ak plis fòs pase Wojè. Epi sou afè joure, li te san parèy. Depi yo tonbe pale sou afè relijyon osinon Bib la, zanmi Wojè yo pran pozisyon kont li. Yo te kwè nan Bib la kòm Pawòl Bondye. Pou yo, Bondye te enspire Bib la, epi yo te kwè sa Li di ladan l'.

Men Bondye pa t' bliye Wojè malgre bouch li pa t' bon epi malgre li te cho pou l' pale sou kijan li pa t' kwè. Wojè, kòm nenpòt moun, te ka devni yon bon zouti pou Wayòm Bondye a menm si li te poze anpil vye aksyon oparavan. Pou kont pa l', Wojè pa t'ap janm panse yon jou li te ka devni yon enstriman nan men Bondye.

Yon bon jou, Wojè te antre nan ti bato pa li a, epi li monte vwal la. Li plonje pou fon lanmè. Tan an te agreyab. Te genyen bon jan kalm. Men, yon chalè t'ap peze fò, epi sa se toujou yon siy ki fè ou konnen bagay yo ka chanje yon ti kadè. Wojè, kòm yon nèg ki fò nan lanmè, t'ap kondwi ti bato a avèk ladrès pandan yon ti van kòmanse pouse vwal la. Li pa t' pè ; li te abitye sou lanmè pou kont li konsa, menm anba gwo tanpèt. Wojè te fèt pou lanmè. Li kontan jan lanm yo sakaje kò li... ale vini, ale vini. Men, pandan lè a t'ap mache jou apremidi sa a, lanm yo te kòmanse vin pi wo. Bato a te nan bon eta, e li pase nan lanm yo alèz. Se te avèk pwòp men

PECHÈ PWASON AN KONVÈTI

pa l' Wòjè te konstwi bato sa a. Li te konfyè l' anpil. Li te kontan jan bato a t'ap jere lanmè a, epi anyen pa t' fè l' doute pandan gwo ponyèt li te rete sou gouvènay la. Lanm yo t'ap grandi toujou. Nan tou sa Wòjè te konn fè, se sa a ki te plis fè li plezi. Li t'ap viv !

Wòjè te tèlman bliye kò li nan afè navige bato a, yon seri gwo nyaj nwa te parèt anlè a san li pa t' menm konnen. Kou li resi leve je l' anlè, li wè yo. Li redi gouvènay la pou li vire bato a, konsa pou li fè tèt pou lakay. Li te sezi wè kijan rivaj la te lwen. Yon ti enkyetid fofile antre nan kè li. Li pa t' vle admèt sityasyon an fè li pè, men li pa t' alèz ankò. Li remake li mal pou avanse, pou li pwoche pi pre rivaj la. Se kòm si van an t'ap repouse li. Kounyeya lanm yo ap sakaje bato a... ale vini, ale vini. Wòjè remake kèk ti bri planch yo kòmanse ap fè poutèt gwo fòs yo t'ap sipòte a. Dlo kòmanse antre andedan, epi Wòjè vin kanpe. Dlo a te rive nan jenou l'. Pandan tout tan sa a, li kenbe gouvènay la byen fèm nan men li. Li t'ap fè tout efò pou li fè bato a travèse lanm yo anba gwo van ki t'ap frape li. Rivaj la parèt piti pou li toujou, se kòm si li poko janm fè pwogrès.

Wòjè te twouble, pa pou tèt pa l', men pou madanm li ak tifi li a. Se pa t' koutim li pou li monte sou lanmè san li pa t' di Ana sa. Men jodi a li pa t' pale avè l'. Kounyeya li te konsyan Ana pral sezi lè li aprann mari li sou lanmè nan mitan move tan sa a. Yon sèl kou, kè l' monte bwa. Li te remake kèk najwa nan dlo a... najwa reken ! Yo tou antoure bato a.

Tan an t'ap vin pi sevè, epi van an t'ap maltrete ti bato a. Se kòm si li te yon ti fèy bwa. Yon sèl gwo kout van vin rachte vwal la. Li fin dechire l' nèt. Pandan tou sa, Wòjè te fè yon fason pou bato a rete fas anlè toujou.

Se konsa je l' tonbe sou yon sèl gwo lanm ki t'ap vini sou li. Li te konnen ti bato a p'ap ka sipòte gwo sè bagay sa a. Li prepare l' jan li te konnen. Li vire bato a pou li fè fas avèk lanm lan. Lanm lan blayi sou ti bato a... Pow ! Pandan dlo a t'ap pase, li kase gouvènay la. Bato a pike yon bò, epi li jete Wòjè byen fon nan dlo lanmè a.

Lè li resi monte, Wòjè te kwoke kò l' sou po bato a ki te tèt anba nan dlo a koulye a. Avèk anpil efò, li resi monte anlè. Kounyeya sityasyon an te grav pou li. Se yon ti chans ase ki rete pou li chape nan bagay sa a. Li te konnen l'ap pèdi nan dlo a si li pa resevwa yon kout men touswit. Li pa t' vle mouri. Lide l' te tonbe sou

PECHÈ PWASON AN KONVÈTI

madanm li ak pitit fi li a. Nan lespri li, li te ka imajine yo sou rivaj la ak kè yo kase pou li. Petèt yo t'ap touye tèt yo ap chache ti bato avèk je yo.

Pandan de (2) fwa, dlo lanmè a pase sou li jete l' nan dlo a ankò. Chak fwa, li resi monte anlè. Nan kè l' li t'ap di : *Mouri nan dlo a se youn, men mouri nan bouch reken sa yo se pi mal lontan*. Dezyèm fwa li tonbe nan dlo a, youn nan reken yo te pase tou pre li. Li te fonsse sou Wajè, epi dan li yo te manke l'.

Wajè rive nan bout li. Li rele : « O Bondye ! Si ou sove lavi m', mwen pwomèt mwen va sèvi Ou pandan tout rèss lavi m'. O Bondye ! Pitye pou mwen, pòv pechè. Padone peche m' yo, epi sove m' nan non Jezi. Fè m' genyen lavi toujou, pou madanm mwen avèk pou tifi m' lan. O Bondye, pitye pou mwen, pòv pechè. »

Bondye, nan mizèrikòd Li, tandè kri pechè a ki te repanti. Li reponn lapriyè Wajè t'ap fè a. Depi yon moun rive nan bout li, Bondye ka travay. Se toujou konsa. Sou lanmè a jou sa a, Wajè te rive nan pwen sa a. Li te wè nan ki eta li te ye konsènan letènite. Li te konprann li pèdi. Depi li te resi rive anfas lanmò tout bon vre, dout yo ki te konn fè li fè djòlè disparèt. Se kòm si maten rive epi lannwit oblije kraze rak.

Yon sèl kou van an ak tout lanm yo vin kalme. Pou yon premye fwa nan lavi li, Wajè te santi lapè Bondye nan kè li. Li te konnen li jwenn padon. Se te yon lapè li pa t' janm konnen oparavan. Li te konprann Bondye sove nanm li epi Bondye padonnen li. Koulye a, li sanble Bondye pral fè li chape nan dlo a tou.

Nyaj yo te gaye kò yo anlè a. Solèy la retounen klere sou dlo lanmè a ankò. Wajè voye je l' agòch adwat ap chache sekou. Yon kontantman antre nan kè l' lè li tandè bri yon motè. Kèk bato t'ap rive sou li. Yo te sou lanmè pandan menm move tan an, epi koulye a yo t'ap vin sove li.

Pandan zanmi li yo t'ap pran l', Wajè t'ap di : « Mèsi, Bondye ! » Yo te mare bato Wajè a dèyè, epi yo trennen l' rive sou rivaj la. Touswit yo rive kote madanm Wajè ak tifi a t'ap tann li. Anpil nan pechè yo te la tou ap tann li.

Lè yo rive, Wajè desann bato a epi tout moun fè silans pandan li t'ap rakonte istwa a. Avèk dlo nan je, Wajè te temwaye kijan Bondye sove lavi li, men Li te sove nanm li tou.

Alafen li di konsa : « Zanmi m' yo, nou tout konnen kijan mwen te mechan. Mwen pale lèd. Mwen enkredil anpil. Men, kounyeya mwen konnen genyen yon

PECHÈ PWASON AN KONVÈTI

Bondye nan syèl la ki tande epi ki reponn priyè. Jodi a, mwen pa t'panse mwen t'ap chape. Lè m' te fin pèdi espwa, mwen te rele Bondye epi Li te tande mwen. Mwen resevwa Jezi kòm Sovè mwen. Depi jodi a, lavi m' nan men Li. M'ap sèvi Li. M'ap obeyi Sila ki te bay lavi Li pou mwen sou lakwa. Nan gras Li, Li te sove m'. Mwen vle viv pou glwa Li, e pou onore Li. »

Moun yo t'ap di : « Amèn ! » Lòt t'ap di : « Glwa pou Bondye ! » Lè sa a madanm li te anbrase l' ak dlo nan je. Li bo l', li bo l' ankò, epi li bo l' toujou. Li di Wojè konsa : « Fòk nou di Bondye mèsi dèske Li tande tout lapriyè pa m' yo depi lontan. »

Jou swa sa a lakay Wojè, twa (3) moun te chita bò tab la ak kè kontan pou yo manje ansanm. Wojè te bay madanm li anpil detay sou ki trajè li te pase sou lanmè a, epi sou kijan Bondye, nan gran mizèrikòd Li, te sove l'.

Apre jou sa a, Wojè te toujou renmen pase tan ak zanmi li yo bò lanmè chak Samdi apremidi. Men koulye a, li pa t' pale mal ankò. Li pa t' di vye bagay ditou. Okontrè, se preche li t'ap preche non Senyè Jezi pou tout zanmi li yo.

—George D. Repp
Istwa a sòti nan *The Gospel for Youth*



Aktivite Timoun

REPONS

1. KWIT MARI TOMA TWOU
2. DEZ ÒD KIZIN KRIIE LESON
3. BONBON ELEFAN KOKOYE MANMAN
4. GRANGOU KOKIYÒL PISTTACH

JEZI AK FANM PEYI SAMARI A

Yon Revèy nan Peyi Samari

Solèy midi a t'ap bat Jezi pandan Li t'ap repoze bò pi Jakòb la, toupres lavil Sika nan peyi Samari. Li t'ap tann disip Li yo ki te al achte manje.

Anvan twò lontan, yon fanm te vin pou tire dlo nan pi a. Lè Jezi te mande li ti dlo pou Li bwè, li te sezi. Li te wè ke Jezi se yon Jwif. Nòmman mesye Jwif yo pa t' konn pale ak moun Samari yo—sitou pa ak yon fanm ! « Ou vle di ou ta bezwen dlo nan men mwen, menm si mwen se yon moun Samari ? » manmzèl te mande. Ki moun nonm dwòl sa a te ye ?

Jezi te reponn : « Si ou te konnen kado Bondye bay la, si ou te konnen ki moun k'ap mande ou ti gout dlo a, se ou menm atò ki ta mande Li ba ou ti gout dlo. Lè sa a, Li ta ba ou nan dlo ki bay lavi a ! » Li te kontinye : « Tout moun ki bwè dlo sa a gen pou l' swaf dlo ankò. Men, moun ki va bwè nan dlo M'ap ba li a, li p'ap janm swaf dlo ankò. Paske, dlo M'ap ba li a ap tounen yon sous dlo nan li k'ap ba li lavi ki p'ap janm fini an. »

Fanm lan te reponn : « Mesye, ban mwen dlo sa a ! Konsa mwen p'ap janm swaf ankò epi mwen p'ap bezwen mache vin isit la chak jou. »

Jezi te kòmanse touche konsyans li. Li te di : « Ale lakay ou epi mennen mari ou vini. »

« Men, mwen pa marye, » fanm lan te reponn.

Jantiman Jezi te di : « Mwen konnen. Ou pase senk mari deja epi ou pa menm marye ak nonm k'ap viv avèk ou kounyeya ! »

Fanm lan te sezi. Li te di : « Mesye, gen lè ou se yon pwofèt. Mwen gen anpil kèsyon. Men, mwen konnen lè Kris, Mesi a, va vini, Li va esplike tout bagay. »

Jezi te reponn : « Mwen se Mesi a. »

Menm kote a fanm lan te kouri ale nan bouk la. Li te kite veso dlo li a dèyè. Li t'ap rele : « Vini wè yon nonm ki di mwen tout sa mwen fè. Fòk se Li menm ki Mesi a ! »

Anvan lontan yon foul moun kirye te sòti Samari pou swiv fanm nan ki te tounen ale nan pi Jakòb la. « Tanpri, rete avèk nou pou kèk jou, » yo te sipliyè Jezi. « Pale nou plis sou bon nouvèl Ou pote a. »

Konsa Jezi te rete nan vil Sika pandan de (2) jou epi anpil moun te mete konfyans yo nan Li.

Jan 4



Jezi pale ak yon fanm peyi Samari bò pi Jakòb la.

Moun ki mete konfyans yo nan Mwen, y'ap wè gwo kouran dlo k'ap bay lavi koule sòti nan kè yo, jan sa ekri nan Liv la. (Jan 7.38)

1. Kòman yo te rele pi dlo a ?
2. Ki kalite dlo Jezi te ofri fanm lan ?
3. Èske moun vil Sika yo te mete konfyans yo nan Jezi ?

Itilize avèk pèmisyon :

Christian Aid Ministries, Berlin, Ohio

Atik sa a sòti nan : 101 Pi Bèl Istwa Nan Bib La © 1994



Pawòl Granmoun

—Sannfòd Yodè

Sa Depase Nou Anpil

« **B**ondye mete tout moun anba menm chenn dezobeyisans lan pou L' ka gen pitye pou tout moun ansanm. » (Women 11.32). Nou ka remake kijan Apòt Pòl te kontan apre li fin esplike plan sali a Bondye te prepare pou sove lòm. Pòl fè nou wè mizèrikòd Bondye a se pou Jwif ansanm ak pou payen tou. Pòl te sezi devan gran sajès epi gwo konesans Bondye a. Jijman Bondye yo te fè li etonnen, epi li te konprann lide Bondye yo pi wo pase sa nou kapab rive konprann byen ; lespri nou yo limite, e nou pa ka fin sezi yo. Apòt Pòl se sezi devan Bondye.

Apre sa, nan Women chapit 12, apòt la ap pale avèk legliz la nan lavil Wòm, men l'ap pale avèk nou tout anmenmtan an. Poutèt gran mizèrikòd Bondye a, Pòl egzije nou pou n' ofri tout nou menm sou lotèl Li a : kò nou, nanm nou, ak lespri nou. Kounyeya, kretyen an ap viv anba yon lòt administrasyon. Se pa lemonn ki ban nou direksyon ankò sou kijan nou dwe viv. Se Senyè Jezi Kris ki dirije nou pito. Apre nou fin ofri tèt nou san kache anyen sou lotèl Bondye a, nou ka konprann volonte Li pou lavi nou, yon volonte ki san defo. Se toujou apre nou soumèt tèt nou devan Li kòm Senyè, nou va konprann sa ki fè Li plezi.

Depi nou gentan soumèt lavi nou nan men Senyè Jezi, apòt la egzije nou pou n' byen sezi kisa nou ye vre devan Bondye. Pòl fè nou sonje se avèk imilite nou dwe rekonèt Bondye sove nou pou n' ka sèvi Li avèk tout don Li ban nou yo. Se Bondye ki pou resevwa tout glwa a pou sa nou fè. Nou pa fè anyen pou kont nou. Alafen, se nòmal pou nou sèvi Bondye depi nou konsidere tou sa Li gentan fè pou nou.

Nou ka sezi vre lè n' chita kalkile sou yon si gran plan Bondye te bati pou sove lòm. Sitou, lè n' konsidere plan sa a fè pwovizyon pou nou menm ki pa fèt pami ras ki apa pou Bondye a. Vrèmanvre, Bondye rich. Bon konprann Li, konesans Li, nou pa ka sonde yo ! Sa depase nou anpil (Women 11.33). Annou rejwi nan bèl plan Bondye genyen pou nou an !



SEKSYON PARAN



KONPRANN RESKONSABILITE MWEN YO

Devlope Kè Yon Sèvitè

Leson 10c

Se sa k' fè, frè m' yo, jan Bondye fè nou wè Li gen kè sansib pou nou an, se pou nou ofri tout kò nou ba Li tankou ofrann bèt yo mete apa pou Bondye, bèt yo ofri tou vivan epi k'ap fè Bondye plezi. Se sèl jan nou dwe sèvi Bondye tout bon. ²Pa fè menm bagay ak sa moun ap fè sou latè. Men, kite Bondye chanje lavi nou nèt lè L'a fin chanje tout lide ki nan tèt nou. Lè sa a, n'a ka konprann sa Bondye vle, n'a konnen sa ki byen, sa ki fè L' plezi, sa ki bon nèt ale. Women 12.1–2.

OBSÈVASYON #3 : Vre sèvis mande yon soumisyon total devan volonte Bondye.

Yon kè sèvitè se yon kè ki soumèt. Li gentan monte sou lotèl la kòm yon sakrifis vivan deja e li gentan konsakre tout bay Senyè a. Sa pa vle di li fè tout bagay moun mande li fè. E sa pa vle di nonplis ke sèvitè a toujou viv bourike anba twòp chay. Epi, yon kè sèvitè pa vle di l'ap eseye fè plis pase sa li ka fè. Ni yon sèvitè pa yon moun ki toujou santi l' koupab paske rete yon bann travay pou li fè li poko ka fè. Se pa sa. Men, lè yon moun genyen kè sèvitè sa vle di li pare pou l' reponn ak apèl Bondye san rezèv e ak tout fòs li, ke sèl repons rezonab pou volonte Bondye a se : « Wi, m dakò. » Epi « wi » sa a se yon « wi » ki enb e ki dispoze.

Yon sèvitè ki gentan monte sou lotèl la genyen yon soumisyon nan fon kè li paske li te brize la deja. Tèt di fini. Volonte pèsònèl ale. Tout anbisyon ak atitud egoyis yo gentan pase nan dife a pou yo boule monte anlè tankou lafimen. E yon lespri ki sòti nan flanm dife a se yon lespri ki pwòp nèt. Moun sa a pral rann sèvis ak pisans, men toujou ak bon jan dousè. Genyen trankilite e imilite nan kè sèvitè sa a. Anmenmtan, genyen fòs e asirans.

Soumisyon devan lotèl Bondye a se yon soumisyon total li ye. Se pa soumisyon tèl bagay patikilyè. E se pa senpleman kite tèl aktivite chanèl. Ni se pa konfese tèl atitud lachè ke tout moun gentan remake. Konprann byen, yon moun kapab fè *tout* bagay sa yo, sepandan li poko soumèt volonte li devan Bondye. Konsa li rete chèf tèt li toujou. Moun ki sou lotèl Bondye se moun ki soumèt tout lavi li nèt ale. Chak bagay, chak aktivite, chak atitud vini anba dominasyon Bondye paske li bay tout lavi li kòm yon sakrifis vivan.

Sila yo ki fè efò pou sèvi Senyè a e legliz Li san yo pa janm fè esperyans lotèl la ap dekouraje nan wout e y'ap fè lòt moun dekouraje tou. Yo te mèt ofri tèt yo pou tèl travay nan legliz la, e yo te mèt konnen egzaktman kisa pou yo di nan chak okazyon, men genyen yon bagay nan kè yo ki pral devwale yo. Paske malgre bèl aparans lan, yo genyen mak lògèy yo ki toujou idantifye yon lavi ki san soumisyon—yon lespri ki p'ap soumèt, yon atitud ki kritik, yon endiferans pou devlopman espiritiyèl, yon tandans pou kite fratènite a al viv endepandan, yon rezistans devan otorite, epi yon plan ki tou pèsònèl menm si li sanble ak yon « ministè. »

Pou sila yo ki vle sèvi Bondye tout bon, *pa genyen anyen ki kapab ranplase lotèl la.*

Kèsyon Pou Etid

1. Kisa sa vle di : ofri tèt ou kòm yon sakrifis vivan (*ofri tout kò nou ba li tankou ofrann bèt yo mete apa pou Bondye, bèt yo ofri tou vivan epi k'ap fè Bondye plezi*) ?
2. « Se sèl jan nou dwe sèvi Bondye tout bon. » Kisa fraz sa a di nou sou afè rann sèvis ?

3. Esplike kòman deklarasyon sa yo gen rapò ak sèvis :
 - a. « pa fè menm bagay ak sa moun ap fè sou latè »
 - b. « kite Bondye chanje lavi nou nèt lè L'a fin chanje tout lide ki nan tèt nou »
3. Ki twa bagay pasaj la di sou volonte Bondye ?
4. Poukisa li nesèsè pou nou konnen volonte Bondye nan fason sa a ?

Se pou nou youn gen pou lòt menm santiman ki te nan Jezi, Kris la : ⁶Sa Bondye ye a, se sa L' te toujou ye. Men, Li pa t' janm konsidere sa tankou yon avantaj pou L' te chache kenbe ak tout fòs. ⁷Okontrè, se Li menm pou tèt pa L' ki chwazi mete sa sou kote. Li te pito tounen yon domestik. Li pran fòm yon moun, Li vin tankou tout moun. ⁸Li rabese tèt Li. Tankou yon moun, Li soumèt devan Bondye. Li obeyi Bondye jouk Li rive asepte mouri, wi jouk Li asepte mouri sou kwa a. Filipyen 2.5-8

Si Mwen menm ki Senyè, Mwen menm ki Mèt, Mwen lave pye nou, konsa tou, nou menm, se pou nou youn lave pye lòt. ¹⁵Mwen ban nou yon egzanp pou nou ka fè menm bagay Mwen te fè pou nou an. Jan 13.14, 15

OBSÈVASYON #4 : Yon vre sèvitè Bondye enb.

Li posib pou afè rann sèvis kapab tounen yon enstriman pou chache avantaj pèsònèl pito. Pafwa moun rann sèvis pou yo monte grad, oubyen pou yo fè moun wè. Pafwa moun rann sèvis pou yo enfliyanse yon dezizyon pou l' fèt nan avantaj pa yo, osinon moun konn rann sèvis pou yo pouse lòt moun aji tèt jan pou yo. Tout sa se pa rann sèvis vre. Vre sèvitè Senyè a rann sèvis poutèt lamou e pou laglwa Mèt li.

Ala fasil li fasil pou nou kite bon wout la ! Depi yon sèvitè gentan fè volonte Bondye sou tèl pwèn, li anba tantasyon pou l' rete sou sa li te fè a. Depi li gentan montre yon ti imilite, li anba tantasyon pou l' souri nan kè li ak satisfaksyon pou fason li te enb. E depi li gentan montre fidelite, li tante pou l' panse sa bay li kèk dwa espesyal avèk Bondye oubyen sa fè l' pi gran nan mitan kanmarad sèvitè li yo.

Pa genyen anyen ki ka pran plas yon konsantrasyon sensè sou glwa Bondye a e fason Li merite tout onè. Se konsantrasyon sa a sèlman ki va fè yon sèvitè rete enb, epi sa pou kont li sifi pou fè l' rete enb.

OBSÈVASYON #5 : Yon sèvitè obeyisan.

Genyen kèk sèvis ki difisil. Genyen travay nou santi nou pa vle fè. Souvan, kwa Jezi a reprezante yon glwa pou nou menm ki Kreyen, men kwa a se te agoni li te ye pou Jezi. Alò chak moun k'ap swiv Jezi, chak sèvitè Bondye, va fè fas ak tè

obeyisans. E pafwa n'ap santi nou pa ka asepte volonte Bondye.

Nou pa fè tò lè nou plenn nan jaden an (tankou Jezi nan Jetsemane), men fòk nou sòti nan moman jaden an tou dakò pou n' pote kwa a (tankou Jezi). Yon sèvitè Bondye kapab lapriyè pou sityasyon an chanje, e li gen dwa mande pou yon lòt moun fè travay la, men se sèlman si li fini lapriyè li avèk reziyasyon an ki di konsa, « Se sa Ou vle a ki pou fèt, pa sa mwen vle a. » Dènye repons la se toujou, « Wi, Senyè. »

OBSÈVASYON #6 : Jezi ban nou yon egzanp ki bon nèt kòm yon sèvitè.

Chak ansèyman Jezi te fè sou vre sèvis te manifeste nan jan Senyè nou an te viv lavi Li. Li te kenbe konsantrasyon Li sou Papa a. Li te soumèt tout bon devan volonte Papa a. Li te enb. Li te obeyisan.

Jezi te montre disip yo ki jan yon sèvitè ap fè nan nwit Li te lave pye yo. Li te mete wòb Li sou kote, Li pran sèvyèt la e Li lave pye yo. Kèl leson ! E li tonbe daplon ak tout rès konpòtman Li yo pandan li te isi ba ! Li mete glwa Li kòm Bondye sou kote pou tounen yon nonm, aprè sa Li bese pou Li antre nan ministè kote Li monte desann ansanm ak limanite tout kote yo t'ap viv, epi aprè sa Li te touche malad yo ansanm ak pechè yo ak men Li pou L' ba yo gerizon.

Epi aprè sa Jezi di tou senpleman, men avèk pisans, « Fè tankou Mwen fè. » Devan bèl egzanp sa a, ki wòb nou ap chache mete sou nou toujou ? Ki kote nou pral refize ale paske li 'twò ba' pou nou ? Ki moun ki twò piti, twò pa bon, oubyen twò maladwat pou nou pa rann li sèvis ?

Kèsyon Pou Etid

1. Fè lis tout kalite yon bon sèvitè. Bay kantite ou kapab.
2. Èske ou kapab jwenn yon evènman nan lavi Jezi ki koresponn avèk chak nan repons ou yo pou kèsyon anwo a ?
3. Ki atitid nou genyen nou menm ki jennen yon lespri sèvitè ?
4. Fè lis kèk sèvitè Bondye ki te obeyisan jis nan lanmò ?
5. Gade lis ou te fè pou Kèsyon #4. Kisa tout moun sa yo te genyen ki menm jan, e nan ki fason sityasyon yo te diferan ?

(liv sa a va kontinye nan pwòchèn edisyon an)

—John Coblenz
Itilize avèk pèmisyon : Christian Light Publications, Inc
Harrisonburg, VA Ozetazini
Tout dwa rezève



ISTWA MATI YO

Simon Zelotes (*Simon Zelotes*) **epi Jida Tade** (*Judas Thaddeus*)

Se de (2) frè yo te ye. Toude te mouri poutèt verite a, poutèt Kris la. Yo te krisifye premye a, epi dezyèm lan yo te touye anba kout baton. Se te nan lanne 70 apre Kris, anviwon.

Simon sa a se te yon moun peyi Kanaran. Zelotes se yon non yo te sèvi pou idantifye Simon sa a, epi non an vle di patriyòt. Yo te konn rele li Simon, patriyòt la. Papa l' te rele Alfe, epi frè li yo te rele Jak, Joz, epi Jida. Li te fanmi lwen avèk Jezi. Jezi te chwazi Simon sa a pou fè pati douz (12) disip Li yo, pou preche Bòn Nouvèl la bay Jwif yo dabò, epi payen yo apre sa. Konsa, Simon ansanm avèk lòt disip yo te resevwa Sentespri a jou Lapannkòt la. Matye 10.4 ; Travay 1.13 ; Matye 13.55 ; Mak 6.3.

Simon, patriyòt la, te pase nan peyi Lejip, peyi Sirèn, ann Afrik, Moritanya, epi divès kote nan peyi Libi. Li te rive nan zile Britanik yo tou, kote li te preche Bòn Nouvèl la.

Selon yon dokiman istorik, apre li te fin pase lòt kote yo ap preche, li te rive bò Lanmè Atlantik la, nan peyi Angletè ansanm ak nan zòn ki antoure l' yo.

Alafen, selon lòt dokiman ankò, li te rive nan peyi Pès kote li te rejwenn avèk frè li a, Jida. Yo toude te kontinye fidèlman nan travay yo kòm apòt, jouk yo te mouri poutèt Jezi Kris.

Konsènan Simon, patriyòt la, yo de li te sibi krisifiksyon yon fason terib. Se te yon gouvènè peyi Lasiri ki te fè l' sa.

Konsènan frè li, Jida, ki te genyen de (2) lòt non : Lebeyis (Lebbeus) ak Tade (Thaddeus), tèks Levanjil yo prèske pa di nou plis sou li apre non li ase (Matye 10.3 ; Mak 3.18). Sèl sa nou jwenn ki ekri sou li ankò se yon kèsyon li te poze Senyè Jezi : **« Senyè, ki jan pou Ou fè nou wè Ou san pou moun k'ap viv dapre prensip lemond yo pa wè Ou ? »** (Jan 14.22).

Apòt sa a te ekri yon lèt pou konsole kwayan yo. Nan lèt la, li egziye yo pou yo kenbe fèm nan lafwa yo te resevwa a. Apre sa li avètì kwayan yo konsènan jijman Bondye k'ap sevè.


Menm jan avèk lòt apòt yo ki te mache anpil pou gaye Bòn Nouvèl la, Tade

(Jida) te rive nan Mezopotami, Lasiri, Arabi, jouk nan yon peyi ki rele Edesa. Alafen, li te rive nan peyi Pès, epi la a li te repwoche moun yo pou afè sèvis zidòl. Li te kanpe kont sa a, e poutèt sa prèt zidòl yo te touye l' anba kout baton paske Tade t'ap fè yo pèdi biznis yo.

Simon Zelotes, ki se te yon moun Kanaran, se te pitit Alfe. Yon lòt Simon ankò se te yon evèk nan lavil Jerizalèm. Li te pitit Kleyofas. Nan kèk dokiman, yo konfonn de (2) Simon sa yo. Konsa, genyen dokiman ki ta fè ou konnen Simon Zelotes te mouri nan lanne 108 (gade Byb. Ncemb., fol. 870, col. 1). Men, se te Simon evèk la, pitit Kleyofas ki te mouri lè sa a. Selon temwanyaj ki ekri, Simon Zelotes ansanm ak frè li, Jida Tade, te mouri nan fen epòk pèsekisyon an ki te fèt sou reny Newo, lanne 70 apre Kris.

Istwa sa a sòti nan yon liv ki rele *Martyr's Mirror* (*Glas Mati yo*).





CHEMEN LI TE CHWAZI A

Laj Lajennès *Chapit 2d*

Gwo tonton an di konsa : « Ann ale, gason m'. Fòk nou avanse toujou. Talè solèy la pral kouche. Se pa de (2) travay nou rete pou n' fè anvan nou dòmi aswè a. »

Konsa, pwosesyon an te kontinye avanse.

Moun yo sòti jouk Minesota avèk tout afè yo. Yo monte yon tren avèk tout bagay sa yo. Kòman sa te ye ? Sara t'ap swiv yo byen. Men, anmenmtan, li t'ap repase nan tèt li dènye jou li te pase ansanm avèk Mari. Lè sa yo t'ap ranje tout afè pa yo nan charyo pou yo te ka kite zòn lan.

Talè konsa Papa l' te rive sou galeri kay la. Sara te kite plas li devan fennèt la lè l' tande papa l' di konsa : « Mari, nouvo vwazen nou yo apenn rive. »

Manman l' te rive nan papòt kizin lan pandan timoun yo te rasanble pou yo tandè sa papa yo tapral di konsènan nouvo fanmi an.

Manman l' te montre enkyetid. Li di : « Men yo rive twò ta. Yo poko genyen anyen ranje nan kay la. Kòman yo pral fè manje aswè a ? »

Papa l' te di konsa : « M'ap reflechi sou kijan nou te kapab ede yo apremidi a. Mwen vle al ede yo debake. Èske genyen bagay ou te kapab voye ansanm avèk mwen ? »

Manman l' t'ap kalkile. Li te di : « M' panse m'ap jwenn. Nou genyen plizyè tat ponm ki disponib. Nou ka voye salad tou. Nou kapab voye kèk sosis ki gentan pare, epi nou genyen pen. »

Papa l' te mande : « Petèt kèk nan timoun yo kapab ale ansanm avè m' pou ede m' pote. Oubyen, ou vle ale tou, Mari ? »

« M' pa kwè. Mwen fatige anpil, epi mwen konnen nou tout ap anvi rete yon bon ti tan. M'ap tann yon lòt okazyon. »

Tout timoun piti yo t'ap repete : « Mwen vle ale. M' vle ale, tou. »

Papa a te reponn dousman : « Poko. Kèk nan pi gran yo te mèt ale ansanm avè m' fwa sa a, men se pa nou tout. Nou tout kapab ale lè manman ou avè m' al rann yo vizit. N'a fè sa anvan lontan. »

Sara te rete avèk espwa paran li yo tapral mande pou li ale tou. Yo te fè sa vre !

Manman l' t'ap òganize bagay yo : « Sara, pran pi gwo tat la. Lora, w'ap pote salad la. Jak, sanble fòk ou ale tou pou ou kapab pote pen an. »

Papa l' te ale dèyè sosis yo.

Sara te eseye kache kijan li te kontan pou l'al wè vwazen yo. Li di : « Men, Manman, ou pa bezwen moun ede ou prepare manje isi a ? »

Manman l' te asire pitit fi li a konsa : « Non. Lwiza ka ede m' si m' jennen. » Konsa, li te mete komisyon yo nan men twa (3) pi gran pitit li yo.

Lè Papa l' te fin antre avèk sosis yo epi yon bòl bè, yo toulekat te pran chemen ansanm pou yo pase menm kote charyo Benndè yo te pase pa twò lontan. Se te yon bèl apremidi poze. Papa ansanm ak pitit li yo te kontan mache ansanm. Yo te rive anvan solèy la te fin kouche dèyè mòn yo ki te lòt bò kay vwazen an.

Pandan Papa l' t'ap rele moun yo, Sara te sonje moun yo ki te rete nan kay la oparavan. Li te sonje yo. Papa l' te oblije rele plizyè fwa anvan moun yo te resi tandè li. Lè pòt la te finalman ouvri, yo tandè yon bann bri ki t'ap sòti andedan kay la. Se Madanm Benndè ki te ouvri pòt la laj. Li di : « Antre non. Woubenn,

vin wè kilès ki vin vizite nou. »

Gwo tonton an te sòti dèyè kèk bwat pou li parèt devan yo. Li di : « Mwen poko ka jwenn lanp lan. » Pandan li t'ap di sa li te gade detwa kote ankò. « Talè l'ap fènwa nèt. »

Mesye Benndè te adrese Djonnn Yodè ak pitit li yo : « Ooooo ! Gade yon bèl tat, epi mwen byen grangou ! M' te ka manje sa pou kont mwen, men fòk mwen ta travay rapid anvan pitit gason m' yo wè m' ! » Li te kontinye ap chache lanp lan.

Kèk nan timoun yo te pase nan pòt dèyè a pou antre nan kay la. Yo tout t'ap pale ansanm : « Nou gen vizitè. Yo pote manje. Sanble se menm mesye a Papa nou te kontre nan jaden an pandan nou t'ap antre. »

Madanm Benndè te wont jan timoun t'ap pale anpil. Li di : « Pe ! Pe timoun ! »

Yon tifi prèske menm laj ak Lora te parèt dèyè yon doum papa l' te fèk debouche. Apre sa, jennonm lan ak cheve fonsè te leve je l' gade moun yo. Li te nan yon lòt pyès kay la ap ranje ankadreman yon kabann atè a. Se li ki te premye pitit gason an.

Li te di : « Gade ! Apa n'ap fè yon fèt premye jou swa nou isi a ! Ala bèl sa bèl ! Gade ki bon vwazen nou genyen, mezanmi ! Kounyeya m' sèten n'ap byen pase isit la nan *Germantown*. »

Madanm Benndè te gentan resevwa manje a Papa ak Jak te pote yo. Li te mete l' sou yon tab nan mitan salon an. Anvan Sara te fin antre, pi gran gason an te gentan sòti nan chanm kote li te ye a pou l' rive sou medam yo.

« Nou di ou mèsè ak tout kè nou. Se yon si bèl jès. » Jennonm lan t'ap pale avèk anpil chalè. Li lonje yon men pou l' resevwa tat la. Avèk lòt men an li te sezi men sila ki te pote tat la. Li te kenbe men an byen djanm, epi anvan Sara te gentan retire men l, mesye te deja ap peze men an byen fèm.

Jennonm lan te gade Sara fiks nan je l' jouk vizaj Sara te chanje koulè. Li di : « Mwen anvi konnen nou pi byen, zanmi m' yo. » Sara te rejwi nan jan mesye te fikse sou li, men anmenmtan li te santi li yon ti jan wont. Li pa t' abitye jwenn gason ki te ba li tout atansyon sa a. Li pa t' kapab toufe yon seri santiman etranj ki t'ap bouyi lakay li.

Jennonm lan te voye je l' sou twa (3) timoun yo pandan li di Papa Sara konsa : « Se tout pitit ou yo sa ? »

Papa l' te reponn : « Non. Genyen twa (3) lòt ankò lakay ansanm ak manman yo. »

Jennonm lan ki te kanpe byen wo te kole je l' sou Sara jouk Sara te oblije vire

tèt li. Sara te gentan konprann mesye te kontan chak fwa li chanje koulè konsa. Jennonm lan di : « Lòt timoun ou yo ki lakay ou, si yo tout bèl menm jan avèk sa yo, nou kapab di ou genyen yon bèl fanmi. »

Woubenn Benndè te kanpe dwat, epi li te prezante tout fanmi li sòti nan sa ki pi piti pou rive nan sa ki pi gran. Li di : « Jakòb va genyen dizwitan (18) lòt semenn. »

Sara te leve je l' ankò, epi je l' te kontre avèk je Jakòb yo. *Li prèske menm laj avè m' ...detwa mwa pi gran.*

Lè Papa l' te fin antre nan kay la avèk dènye gwo moso mèb la, li deklare : « Nou dwe ale. » Li te fè sa pou li rive nan papòt kay la. Kounyeya solèy la te fin kouche. Se zetwal yo te wè anlè a.

Papa Sara te pale pandan li t'ap sòti nan kay la. Li te di moun yo : « Vin vizite nou, tande ? »

Jakòb te rive nan pòt la apre papa l'. Li te kenbe pòt la pandan tout rèss fanmi an te pase. Pandan Sara t'ap pase devan li, li te pale tou dousman : « Tanpri, retounen ankò. »

Sara te travèse galeri a pou li rive menm kote ak fanmi li. Li te kontan dèske yo pa t' wè ti pawòl prive a jennonm lan te pataje avèk li.

Papa l' ansanm ak timoun yo te mache an silans pou rive lakay yo. Manman ansanm ak lòt timoun yo t'ap tann yo. Yo te cho pou yo tande tout bagay konsènan nouvo vwazen yo.

Papa a te pataje kèk ti lide, epi apre sa li te kontinye tou dousman. Li te di : « Nou pa vle kouri jije yo anvan nou gentan konnen yo pi byen. Mwen pa fin dakò jan yo pale. Yo amikal se vre, men mwen twouve yo manke krent nan aparans epi nan langaj yo. Depi nou ansanm avèk yo, fòk nou fè atansyon pou n' toujou bay yon bon temwayaj pou Senyè nou an, nan langaj nou, nan abiman nou, nan modesti, epi nan jan nou saj. Mwen remake yo prèske pa enterese lè m' kòmanse pale sou bagay espiritiyèl. Mwen swete premye enpresyon sa yo chanje lè m' vin konnen moun yo pi byen. »

(N'ap kontinye istwa a nan yon lòt edisyon)

— Mari Milè
Rod and Staff Publishers
(Piblikasyon Baton ak Gòl)



SEKSYON TIMOUN



Twou Kokiyòl Yo

Se te yon jou Samdi, epi Toma te grangou. Li di manman l' konsa : « O Manman ! Grangou ap touye m'. M' santi m' te ka manje yon elefan pou kont mwen. » Li te rive nan kizin lan bò kote manman l' ki t'ap fwi kèk grenn kokiyòl nan lwil. Li di : « Tanpri, ban m' yon kokiyòl non. »

Manman l' te reponn : « Ou mèt pran youn. Pran youn pou sè ou tou, tande ? »

Ti sè Toma te rele Mari. Li genyen katran (4). Lè li parèt je l' tonbe sou de (2) kokiyòl yo ki te nan men Toma. Li di : « O Toma ! Ban m' youn ! »

Se lè sa a yon lide dezòd antre nan tèt Toma. Poukisa li pa manje toude pou kont li ? Youn nan yo te pou Mari, men Mari pa t' konnen bagay konsa. Dapre Mari, toude te pou Toma. Konsa, Toma di : « Non Mari. M' pa kapab. M' grangou, e m'ap manje toude. »

« Ban m' yon ti bout, non. Yon ti bout ase. Toma ! »

« Enben, tann. Lè m' fini, Mari, m'ap ba ou toude twou yo. Ou tande ? Toude twou yo pou ou. »

Mari pa t' gen anpil laj. Li pa t' genyen nanm ase pou li konnen Toma t'ap pase l' nan jwèt. Avèk kè kontan li te chita ap tann twou kokiyòl yo. Lè l' wè dènye ti bout kokiyòl la desann nan gòj gran frè li a, li pete kriye. Li t'ap di : « Ou pa kite anyen. Ban m' toude twou yo non. »

Toma di konsa : « Ou pa wè twou yo ? Yo toude la, wi. Kisa ki fè twou kokiyòl yo ? Se pa lè ase ? Enben, mwen pa ka manje lè a. Mwen manje kokiyòl yo, epi mwen kite lè yo pou ou. »

Mari te santi li desi. Men, li te abitye pran chòk nan men gran frè li a deja. Konsa, apre yon ti tan, li te bliye. Men, Manman t'ap kanpe nan papòt la. Li t'ap gade pou wè si l' te gen ase bwa pou li kwit manje. Pandan li te kanpe la a, li te asiste dyalòg la ant Toma ak Mari. Li vin deside bay Toma yon bèl leson.

Li te retounen nan kizin lan, epi li fèmen pòt la pou timoun pa gade l'. Yo te tande li ap travay. Yo te pran sant esans epi kèk lòt bagay ki santi bon. Men, yo pa t' ka wè anyen.

Lè a te rive pou yo soupe, epi timoun yo te wè yon bèl ti bwat devan kote Mari te konn chita a. Li te kou-vri ak bèl papye. Toma te anvi konnen kisa k' ladan l'. Li di : « Mari, poukisa ou pa ouvri l' pou wè ? »

Lè Mari louvri ti bwat la, te genyen plizyè ti bonbon andedan l' ki te

fèt avèk menm pat la ki te fè kokiyòl yo. Se te yon ti rèz ki te rete apre kokiyòl yo te fin kwit. Manman an te fwi l' pou fòm ti bonbon. Chak bonbon te dekore yon fason, tankou ti gato. Youn te gen koulè woz. Lòt te gen koulè vè. Te genyen jòn. Detwa tou kouvri ak ti bout kokoye. Lòt te genyen ti bout pistach simen sou yo.

Toma tonbe rele : « Aaa ! Se byen ! Kote pa m' yo ? »

Manman an reponn dousman : « Enben. Toma, mwen te tande jan ou te kite twou kokiyòl yo pou Mari. Se sa m' prepare pou li. Men yo. »



Toma te santi li pa byen. Li te wont. Manman l' ap pale toujou : « Ou panse ou merite manje nan ti bonbon sa yo, Toma ? »

« Non, Manman. »

Manman l' di l' konsa : « Enben. Mwen vle ou aprann aji byen ak ti sè ou a. Se vre li piti. Men, dèske li piti, sa pa vle di ou gen dwa pran sa ki pou li. Ou p'ap manje youn nan ti bonbon sa yo, tandè ? Epi, mwen swete ou aji pi byen avèk Mari koulye a. W'ap fè sa pou mwen ? »

Toma reponn : « Wi, Manman. » Apre sa li gade ti sè l', epi li di : « Mari, eskize m' pou jan m' te manje kokiyòl pa ou la. Mwen p'ap fè ou sa ankò. Padon, tandè ? »

« Dakò, Toma. M' padone ou. »

Depi jou sa a Toma te eseye aji byen ak ti sè li a. Pafwa li te bliye. Men, depi li kòmanse aji mal avèk Mari, manman l' annik di l' konsa : « Sonje twou kokiyòl yo, Toma. »

Lè sa, Toma te konn reponn : « Dakò Manman. M' sonje. » Epi li tou ranje kò l'.

Istwa sa a sòti nan Gospel Stories
Yo te ban nou pèmasyon pou n' tradwi li epi itilize l' nan publikasyon sa a.



Vèsè Pou Aprann

*« Yon pitit gason ki gen bon konprann ap koute
lè papa l' ap rale zòrèy li. Men, moun k'ap pase
moun nan betiz p'ap janm koute lè y'ap fè l'
obsèvasyon pou korije l'. » (Pwovèb 13.1)*



Aktivite Timoun

1. Men kat (4) mo ki kle nan istwa a. Mete lèt ki manke yo... swa M osinon W.

K _ I T _ A R I T O _ A T _ O U

2. Men kat (4) mo ankò ki kle nan istwa a. Se vwayèl yo ki manke (A, E, È, I, O, Ò, OU). Mete yo.

D _ Z _ D K _ Z _ N K R _ Y _ L _ S _ N

3. Men kat (4) mo ankò ki kle nan istwa a. Chak mo manke menm lèt la de (2) fwa. Mete yo.

B _ N B _ N _ L _ F A N K _ K _ Y E _ A N _ A N

4. Men twa (3) mo ankò ki kle nan istwa a. Chak mo manke fen an. Ekri lèt ki manje yo.

G R A N _ _ _ K O K I _ _ _ P I S _ _ _ _

(Repons nan paj 17)

*Aaa ! Mwen regrèt se
pa t' yè Senyè m'
lan te mouri. Si se te yè,
mwen te ka wè blese Li yo
epi manyen bò kòt Li a !*

CHRISTIAN AID MINISTRIES

Cache Cache Douge
Rt. National 1, KM 25
Titanyen, Haiti

GRATIS !

Si ou ta renmen resevwa *Flanbo Verite A*, oubyen si ou gen nenpòt lòt kesyon, oubyen ta renmen resevwa èd espirityèl, nou ta kontan ede ou nan nenpòt fason nou kapab. Ou kapab kontakte yon moun nan adrès sa a.



« *Se poutèt sa, mwen pran pawòl pwofèt yo pou pawòl ki sèten nèt. Nou menm tou nou byen fèt lè nou pran pawòl sa yo ak gwo konsiderasyon... »
(2 Pyè 1.19).*

Sòti Nan Pousyè

De (2) men diven ki sòti jouk nan syèl la te lonje isi ba.

Yo te pran m' nan pousyè, e yo te travay mwen
tankou yon pat ki pral tounen pen.

Yo te mete m' nan yon paradi, epi se mwen ki te chèf.
Se te yon paradi chaje flè ak fwi, epi tout te la pou mwen.

Men poutèt dezobeyisans mwen, mwen te pèdi plas sa a.

Pawòl Senyè a : Peche peye kach, li ban nou lanmò.

Mwen di Kris mwen an mès, Li menm ki te sitèlman renmen m,

Ki te lonje men L' nan bon jan amou ; avèk san L', Li te lave mwen.

Chenn yo kase ; santans mwen an bout.

Paske Li vivan pou toutan, mwen menm tou, m'ap viv.

—Roselina de Sibaja